Урысейм и Президентыр и къулыкъум пэрохьэ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№58 (23.716) • 2018 гъэм накъыгъэм (майм) и 8, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президентыр и къулыкъум щыпэрыхьэ Іуэхур дыгъуасэ Іэтауэ Кремль Уардэунэм и Андреевскэ пэшым щекІуэкІащ. Путин Владимир Владимир и къуэр иджыпелланэу пэрыуващ а Іэнатіэ лъагэм.

КРЕМЛЫМ и Андреевскэ, Александровскэ, Георгиевскэ пэшхэм щызэхуэсат махуэшхуэм ирагъэблэгъа цыху мин 5-м щІигъур. Абыхэм яхэтащ депутатхэр, сенаторхэр, Гъэзэщ1акІуэ, Суд хэщ1ап1ыкІ1ахэр я лІыкІуэхэр, щІыналъэ Іэтащхьэхэр, хьэрычэтыщІэхэр, жылагъуэ, дин, щэнхабзэ лэжьакІуэхэр, журналистхэр. Ирагъэблэгъахэм яхэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа гупри.

А псори щызэхуэса пэш иным къыщІахьащ Урысейм и къэрал ныпыр, Президент штандартыр, УФ-м и Конституцэр, Урысейм и Президентым и Дамыгъэр. УФ-м и Конституцэм къызэригъэувым тету Федерацэмкіэ Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м и Конституцэ судым и хеящІэхэр щыту Путин Владимир Урысейм и цІыхухэм я пащхьэм тхьэрыІуэ щыщІащ икІи Конституцэ судым и унафэщІ Зорькин Валерий къызэхуэсахэм я пащхьэ щыжиІащ Путин Владимир Урысей Федерацэм и Президент къулыкъум зэрыпэрыхьар.

Президентым жиІащ къулыкъушхэм щыпэрыхьэ дакъикъэхэм лъэпкъ кІуэдым, Урысей псом, дэтхэнэ зы цІыхуми я пащхьэ жэуаплныигъэ ин зэрыщихьыр фІыуэ къызэрыгурыІуэр.

- Си къалэн нэхъыщхьэу, си гъащІэ псом и купщІэу къызолъытэ Урысейм сыхуэлэжьэныр, абы бгъэдэлъыр хьэмэным, зегъэужьыным, дэтхэнэ унагъуэми фІыгъуэ ильыным си гущІэ хэслъхьэну, - жиІащ Путиным. - Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ фи зэкъуэтыныгъэм папщІэ, куэд зэрызэдгъэхъулІэфынур фи фІэщ зэрыхъум щхьэкІэ. Апхуэдэуи президент хэхыныгъэм щыгъуэ къызэвгъэзэа дзыхьым папщІэ Урысейм ис цІыхухэм сыфхуэарэзыщ, аращ политикэм и къэкІуэныр зыхэлъри, куэдым дытезыгъэгушхэри. Сэ фыкъызэрысокъуэувам къеГъэлъэгуэ Урысейм и уардагъыр адэкІи зэригъэбыдэнур, зэрызригъэубгъунур, цІыхухэм я псэукІэр зэрефІэкІуэнур фи фІэщ зэрыхъур, абы фызэрыщыгугъыр. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ дунейпсо утыкум ди еплъыкІэхэр щыпхыдгъэкІыныжмкІи къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэр дгъэкІуэтэныжмкІи.

Урысейр иджырей зэманым декІуу, зыужьныныгъэм хуэпабгъуэу, зэхъуэкІыныгъэхэр кІищтэфу щытын хуейщ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгуэхэм щыдиІэ лъэщагъым нэхъри хэдгъэхъуэн, нэхъ тхузэфІэмыгъэкІа Іуэхуэхэми дыщІэрыІэн щхьэкІэ. Ипэкіэ укІуэтэнкІэ къызэрыгуэкІыу зэи щытакъым, хэкІыпІэ къэлъыхъуэныр сытыми дежи гугъуущ. Ауэ тхьдэм игъэгъуэкъым гупльитэншагъэмрэ хуэмыхуГъэмрэ, псом хуэмыдэу дэ дызыхэпсэукІ дуней псом зэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Нэгъуей Беслъэн** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Олимп чемпион **Шыхъуэ Борис** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къущхьэ Хьэсбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей продюсер, режиссёр **Тодоровский Валерий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Жьым щытхъуи, щІэр къащтэ.

ПУТИН Владимир:
Си фІэщ мэхъу ехъулІэныгъэ зэрызыІэрыдгъэхьэфынур

хъуэкІыныгъэ инхэр щекІуэкІ лъэхъэнэм.

Путин Владимир къыхигъэщащ дяпэкІэ зэфІагъэкІын хуейуэ къапщІт къалэнхэм Хэкум и зыужьныныгъэр зэрельытар. Абы папщІэ урысей жылагъуэр зэрызэдлэжьапхъэр, политикэ, жылагъуэ къару псори зэхалъхьэу гурэ псэкІэ Урысейм хуэлэжьэн зэрыхуейр игъэбелджылащ.

- Іэнатіэ псоми лъэбакъэщІэ щытчын хуейуэ къыптэщылъщ, - къыпищащ адэкІэ Путин Владимир. – Ар щытхъуэзфІэкІынур ди жылагъуэм хуитныныгъэ иІэу. Лъэпощхьэпохэр къызэранэкІыфрэ я къарумрэ зэчийм рэ къагъэсэбэпу утыку ихьэфмэщ.

Къэрал Унафэщ1ым жиІащ мы гъэм Урысейм и Конституцэр илъэс 25-рэ зэрырикъур, ар уасэншэу зэрыщытыр, цІыхухэм я хуитныныгъэхэр хъумэным и щэсыпІэу дызэриІэр дыщІигъащ. Икіи къыхигъэщащ цІыху щхьэхуитхэр, жэуаплныигъэ зыхь жылагъуэм, демократие къэрал лъэщыр зэщІыгъумэ, Урысейм и зыужьныныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуынур.

Президентым жиІащ зэман зэкІэлъыкІуэм экономикэм, псэукІэм ехьэлІа гугъуехь куэд къызэрызэдэкІар, дунейм зыдэтщІу жьитІэу ди тхьдэр, ди къежьапІэр, ди щэнхабзэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъуныр зэрыпэрылъагъур, лъэпкъ куэду дызэрызэхэсымрэ дызэрызэкъуэтымрэ къару зэрытхуэхъур.

- Пэжщ, зэманым зыдедгъэкІуу дыдэбэжьуэн, зыужьныныгъэм и хэкІыпІэхэр дгъэпсын хуейщ ди гукъэкІхэр гъащІэм хэтпщэн, ди къэкІуэнур дэ езым къыхэтхыжьын папщІэ. Ауэ щыхъуакІи, адрейхэм я дежкІэ сыт щыгъуи дызэІухащ. НэгъуэщІ къэралхэм я гъусэу едгъэфІакІуэн хуейщ дызэрызэдэлажьэ, гуманитар, щэнхабзэ, щІэныгъэ зэпыщІэныгъэхэр. ЩІым мамырыгъэр щытепщэу щытын папщІэ къэрал псоми дадэлжьэну дыхьэзырщ. Урысейр лъэщу, жыджэру, Іулыдж иІэу итщ дунейпсо утыкум, зыхъумэжьныгъэ къару икІи къызэгъэпэщащ.

Путин Владимир къыхигъэщащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэр зэфІэха хъун папщІэ ди къару псори къэдгъэсэбэпын зэрыхуейр, псэукІэр, шынагъуэншагъэр, узыншагъэр егъэфІэкІуэныр къэрал политикэм и курыхьыу зэрыщытыр. Зыпэрыт Іэнатіэм емыльытауэ цІыхум и къалэнхэр зэрызэфІихыным иужь итмэ, зыужьныныгъэмкІэ сэбэп ин хъунущ. Жэуаплныигъэ нэхъыбэ зыхьыр, дауи, къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэрщ. Дэтхэнэри иужь итын хуейщ хьэрычэтыщІэхэм, щІэныгъэлІхэм защІэгъэкъуэным, творческэ лэжьыгъэ пэрыт цІыхухэм, щІэм, фІым хущІэкъу дэтхэнэми гулъытэ яхуэщІыпхъэщ. Президентым жиІащ а псори зрагъэхъулІэфын щхьэкІэ бгъэдыхьэкІэщІэкэмрэ гупсысэщІэхэмрэ зэрыхуэныгъуэр, щІалэгъуалэм гулъытэ ягъуэтын зэрыхуейр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

- Къэралым гууз-лыуз хузиІэхэм я къару псори зэхалъхьэмэ, ди къалэнхэр къыдэхъулІэнущ, щІэныгъэмрэ технологиещІэхэмрэ нэхъри ипэкІэ дгъэкІуэтэфынущ, къалэхэмрэ куэажэхэмрэ зегъэужьыным дыпэлъэщынущ, - жиІащ Путиным. - Иджыпей зэманым декІу псэукІэм екъэлІа политикэм къигъэувэхэр и нэзым гъащІэм хэтпщэфмэ, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэныжмкІэ Іэнатіэм я фІагъым дегугъумэ, ялэ дызэрищынум шэч хэлъкъым.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ, - къыпищащ адэкІэ Президентым. - Сэ къэрал Іэтащхьэу сыщытыху Урысейм и пащІэр сІэтынущ, и зыужьныныгъэм си гущІэ хэслъхьэнущ, и лъэщагъыр гъэбыдэныжмкІэ схуэзфІэкІ сщІэнущ щыхубэр къызэрысщыгугъыр зГъэзэщІэн папщІэ. Дэ дощІэ, 90 гъэхэм я кІэухымрэ 2000 гъэм и пэщІэдзэмрэ екІуэкІа зэхъуэкІныныгъэхэм я зэранкІэ, ди цІыхухэр гугъуехьышхуэ зэрыхэтар. Куэд зэфІэдгъэувэжащ, ауэ къэнари мащІэкъым. Дэ къытпэщылъщ ди щыщІэныгъэхэр зэдгъэзэхуэжыпри, зэхъуэкІныныгъэщІэхэр къэдгъэІурыщІэнри.

Зитлъэфыжьыну зэман диІэкъым. Ауэ щыхъуакІи, Урысейм и илъэс мин тхыдэм урилъжмэ, лъэпощхьэпоуэу зрихьэлІамрэ ар къызэрызэринэкІамрэ болъагъу. Феникс бзум ещхьу къэщІэрэщІэжырти, хэхъуэхэр зыІэриГъэхьэрт, адрейхэм яхуэзфІэмыкІынур дэ екъуІэныгъэм и гъуэгу тхуэхъурт. Ноби си фІэщ мэхъу фІым дыззэрыхуэкІуэр. Дэ къалэнышхуэхэм пэльэщыфын гуп лъэщ дыззэрыгъэхъуащ. Хэкум худиІэ лъагъуныгъэмрэ цІыхум фІагъыу бгъэдэлъымрэ щэсыпІэ тхурехъу ди щхьэ Іуэхур дэдгъэкІынымкІэ, ди унагъуэхэр зыхуей хуэдгъэззэныжмкІэ, ди Хэкум зедгъэужьныжмкІэ. Си фІэщ мэхъу екъуІэныгъэ зэрызыІэрыдгъэхьэфынур. Си щхьэкІэ си къару себлэжьынукъым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Шемякин М. М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхуки Іэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Сурэт гъуазджэм зегъэужьныныжмкІэ фІыщІэ ин зэрыбгъэдэлъым къыхэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр етын **Шемякин Михаил Михаил и къуэм** - «Штиглиц А. П. и цІэр зэрихьэу Санкт-Петербург щыІэ къэрал художественно-промышленнэ академие» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1ап1эм и профессорым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм накъыгъэм и 3-м
№54-УГ

«Георгиевскэ лентІэм» цІыху мелуанхэр къызэщІеубыдэ

Ар ялэу гъуэгу щытеуващ Бахъсэн къалэм. Мы урысейпсо Іуэхум хэтхэр Бахъсэн и уэрам нэхъыщхьэм ирикІуащ икІи щІалэгъуалэ зэщІэхъеенныгъэм хэтхэр, округым и унафэщІэр я пашэу Мыужьыхьыж мафІэм дежщызэхуэсащ. Абы кърихьэлІащ щыналъэ администрацэм и лІыкІуэхэр, нэхъыжьхэр, еджапІэхэм щыщ волонтёрхэр, къалэдэсхэр.

Мыужьыхьыж мафІэм деж щокІалъэхэр зауэм теухуа усэхэм къыщеджащ, уэрэдхэр щыжаІащ. Къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщыпсэлъащ къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и ялэ къуэдзэ Къардэн Ф., ветеранхэм я район зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Абазэ Хьу. сымэ.

«Фэеплъэстафетэр абдеж щратащ Бахъсэн районым и лІыкІуэхэм. ТекІуэныгъэм и махуэр къэсыху эстафетэм республикэ псор къызэщІиубыдэнущ. Накъыгъэм и 9-м абы Налшык къалэм къигъэзэжынущ.

● Гу зылъытапхъэ

«Полк уахътыншэр»

«Полк уахътыншэр» накъыгъэм и 9-м Налшык и уэрамхэм къыдыхьэнущ. Ар сихьэти 10-м щегъэжьауэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цІэр зезыхьэ утым щызэхэувэнущ икІи сихьэт 11-м къежьэнурэ, Лениным и уэрамым тету Балъкъэр зэрамым нэс ирикІуэнущ.

Абы хэтынухэм дольэІу Іуэхум и къызэгъэпэщащ1ыхэм къагъэувэжм тетыну щызэхэувэжкІи уэрамым щрикІуэкІи. «Полкыр» утыку къихьэнущ дунейм и щытыкІэр зыхуэдэм емыльытауэ. Абы дэтхэнэ зыри хьэхь хъунущ езым и Іыхьлым- армэм е флотым я ветераным, тылым щыІэжьам, партизану щытам, фашист хьэпсым щаІыгъам, нэгъуэщІ псэзэпылъхьэпІэ Іуэхуэхэм хэтам и суэрэ иІыгъыу.

ФызыщІэупщІэн щыІэмэ, фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: + 7-903-426-61-01 - Романовская Анно; +7-928-914-17-84 - Челикин Артём; + 7-928-077-67-83 - Сарбашевэ Аминэ; + 7-963-167-60-69 - Картликовэ Фаридэ, +7-928-691-99-46 - Битокъу Маринэ; +7-928-081-99-14 - Битокъу Тамарэ.

● Зыгъэсэныгъэхэр

Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэхуос

Ипщэ дзэ округым и ВВС-м и 4-нэ армэмрэ ПВО-мрэ я вертолётэхуэ блыщІым щІигъу хэтащ Іуащхьэмахуэ лъапэ и полигоным щекІуэкІа зыгъэсэныгъэхэм.

ИНСТРУКТОР Іэзэхэм вертолётэхуэхэр мазэкІэ хурагъэджащ бгы щІыпІэхэм зэрыщІэзекІуэну щІыкІэм. Зыгъэсэныгъэхэм япкъ иткІэ абыхэм зрагъэщІащ къуршхэр къызэралъэтыхьыну, ауэхэм зэрыдыхьэну, метр 1500-м щыщІэдзауэ 4000-м нэс зи лъагагъ бгы дэкІыпІэхэр къызэрызэранэкІыну Іэмалхэр.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

КъБР-м промышленнэ продукцэу къыщыщІагъэкІым и индексыр илъэсым зэрыщІидзэрэ проценти 100,3-рэ хъуащ. ЩІы щІагъым хъугъуэфІыгъуэу къыщІахыр процент 34,5-м щІигъуащ

Урысейм Статистикэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІап1эм и щІыналъэ Іуэхущ1ап1эу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм къызэритамкІэ, 2018 гъэм и щІышылэ - гъатхэпэ мазэхэм къриубыдэу КъБР-м промышленнэ продукцэу къыщыщІагъэкІым и индексыр проценти 100,3-рэ хъуащ, абы щыщу сырьем елэжь Іэнатіэм процент 101,3-рэ хуэзащ.

Республикэм хэпщІыкІыу щыхэзыуащ щІым хъугъуэфІыгъуэу къыщІахьэм (илъэс кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 34,9-кІэ нэхъыбэ).

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ!

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2018 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щІидзауэ «Урысейм и пощт» федеральнэ Іуэхущ1ап1эм и къудамэм - КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм - ирегъэкІуэкІ 2018 гъэм и етІуанэ илъэс мыхъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэныр.

Республикэм ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм - «Адыгэ псалъэм» - Іэ щытетвдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Іуэхущ1ап1эхэм. Газетыр унэм ныфхуахьынущ е, апхуэдэ Іуэхутхьэбзэр нэхъ къафщтэмэ, пощтхэм къыщыватыжьынущ.

«Адыгэ псалъэр» унэм ныфхуахьынумэ, и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кІэпІейкІэ 48-рэ мэхъу, ар пощтым къыщеІыфхьжынумэ - сом 511-рэ кІэпІейкІэ 44-рэ хуэзэ.

Ди индексыр 51531

НОБЭ

♦Жор Плъыжьымрэ Мазэ Ныкъуэ Плъыжьымрэ я дунейпсо махуэщ

♦Беларусь Республикэм и къэрал ныпымрэ гербымрэ я махуэщ

♦1945 гъэм фашист Германием псалъэмакъыншэу зыкъыззэритыр щыщІагъэлъэгъуэ актым Іэ традзащ.

♦1949 гъэм Берлин къалэм и Трептов-парким къыщызэІуахащ а къалэм щыхэзІуэахащ а къалэм щыхэкІуэда совет сэлэтхэм я фэеплъ.

♦1967 гъэм «Сэлэт мыцІыхум и фэеплъ» архитектурнэ ансамблыр Кремлым и блым деж къыщызэІуахащ.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэм-

Школ хъыбархэр

Журналист ныбжьыщІэхэм я телевиденэ

Бахъсэн районым хыхьэ Къуэбэ-Тэбэ жылэм дэт курыт школым ди щІыналъэм щыяпэу лэжьэн щыщІидзащ школ телевиденэм. ХъыбарыщІэхэр гъэхьэзырыныр пщэрылъ зыщащІыжащ еджапІэм и журналист ныбжьыщІэхэм. А гупым хэтщ 9 - 10-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэ 15. Район администрацэм и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Улымбащ Лерэ хъыбар къызэрыдиГъэщІамкІэ, зэкІэ нэтынхэр зэрекІуэкІыр бзитІщ: урысыбзэрэ адыгэбзэкІэ.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭР щыгъуазэщ телесюжетхэр зэхэгъэувэн, зэрытехьн, абыхэм я текстхэр зэрытхын хуейм. Школ телевиденэм и нэтынхэр - ар журналист ныбжьыщІэхэр гъащІэм зэрепльыр къэзыГъэлъагъуэщ. Абыхэм яхэтщ еджапІэм щекІуэкІ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къэзыгъэлъагъуэхэр, Іуэхугъуэ хэхахэм ятещІыхьа репортажхэр, апхуэдэу, телевиденэм и Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ, махуэшхуэ зэмылІэужьыгуэхэмкІэ йохъуэхъу егъэджакІуэхэми школакІуэхэми. ТхьэмахуэкІэ къэс зэ къыдокІ «Школ хъыбархэр» нэтныр. Абы кІэщІу щыгъуазэ ухуещІыф блэкІа махуэхэм школым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм.

Журналист ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэр иралъхьэ Youtube видеохостингым. Абы и фІыгъэкІэ нэтынхэм щыгъуазэ зыхуащІыф Интернетым пыщІа дэтхэнэми: еджакІуэхэми, егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми. А псори зыГъэхьэзыр школакІуэ нэхъыжьхэм я дежкІэ телевиденэм щылэжьэныр я зэфІэкІхэм къахьым еплъыжьнымкІэ Іэмал хъарзынэщ.

Къубэ-Тэбэ дэт курыт школым иІэр телевиденэм и закъуэкъым. Зыкъом щІауэ еджапІэм къыщыдокІ щыпІэ газети. Корреспондент ныбжьыщІэхэм ягъэхьэзыр а газетыр мазэ кьэс зэ дунейм къытохьэ, и напэкІуэцІхэми къытохуэ школ гъащІэм епха тхыгъэ хьэлэмэтхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

«Полк уахътыншэр»

«Полк уахътыншэр» накъыгъэм и 9-м Налшык и уэрамхэм къыдыхьэнущ. Ар сихьэти 10-м щегъэжьауэ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и цІэр зезыхьэ утым щызэхэувэнущ икІи сихьэт 11-м къежьэнурэ, Лениным и уэрамым тету Балъкъэр зэрамым нэс ирикІуэнущ.

Абы хэтынухэм дольэІу Іуэхум и къызэгъэпэщащ1ыхэм къагъэувэжм тетыну щызэхэувэжкІи уэрамым щрикІуэкІи. «Полкыр» утыку къихьэнущ дунейм и щытыкІэр зыхуэдэм емыльытауэ. Абы дэтхэнэ зыри хьэхь хъунущ езым и Іыхьлым- армэм е флотым я ветераным, тылым щыІэжьам, партизану щытам, фашист хьэпсым щаІыгъам, нэгъуэщІ псэзэпылъхьэпІэ Іуэхуэхэм хэтам и суэрэ иІыгъыу.

ФызыщІэупщІэн щыІэмэ, фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: + 7-903-426-61-01 - Романовская Анно; +7-928-914-17-84 - Челикин Артём; + 7-928-077-67-83 - Сарбашевэ Аминэ; + 7-963-167-60-69 - Картликовэ Фаридэ, +7-928-691-99-46 - Битокъу Маринэ; +7-928-081-99-14 - Битокъу Тамарэ.

Мылъкукlэ зыщlагъакъуэ

Мэлыжьыхьым и 28-м Правительствэм и Унэм щыз эхэтащ Инвестицэхэмрэ хьэрычэт Іуэхухэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и деж щыІэ Советым и зи чэзу зэІуІэ.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икlи иригъэкlуэкlащ инвестицэ политикэр гъэзэщlэнымрэ инновацэхэмкlэ КъБР-м и Іэтащхьэм и лЫкlуэ щхьэхуэ (Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ) **Къэрмокъуэ Хьэчим**. Къищынэмыщlауэ, Советым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Къэрал къэнджэщэгъу **Бозий Натбий**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и япэ къуэдзэ - КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министр **Говоров Сергей**, гъэзэщlакlуэ властым и федеральнэ органхэм я щlыпlэ Іэнатlэхэм я унафэщlхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщlакlуэ властым и органхэм я унафэщlхэр, республикэм и къалэ округхэмрэ районхэм я муниципальнэ администрацэхэмрэ я Іэтащхьэхэр, Советым хэтхэр.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкlэ и министерствэм и пресс-Іэхущlапlэм и унафэщl Къэрэшей Элеонорэ хьыбар къызэрыдигъэщlамкlэ, зэІущlэм нэхъыщхьэу зыщытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Корпорация «МСП», «МСП Банк» АО-хэм хьэрычэтыщlэ мащlэмрэ курытымрэ я субъектхэм мылъкукlэ зэрызэщlагъакъуэ Іэмалхэр зэфlэгъэкlныжьмкlэ сэбэп зэрыхъуфыну щlыкlэр.

«Льготэ ирату лизинг щlэгъэкъуэныгъэ хуэй хьэрычэтыщlэ мащlэмрэ курытымрэ и субъектхэм, къищынэмыщlауэ, мэкъумэш кооперативхэм «Корпорация «МСП», «МСП Банк» АО-хэм я ахъшэ, щэсыпlэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм «Федеральная корпорация МСП» АО-м дэфтэрхэр къыІрах Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МСП-м и субъектхэм. Абы къыхэкlыу лэжьыгъэхэр нэхъ щlэвгъэхуэбжьэну сыныволъэІу, - жиІащ КъБР-м экономикэ зыужьныгъэмкlэ и министр **Рахаев Борис**. - Мы гъэм инвестицэ проекту 5 Корпорацэм и федеральнэ, республикэ программэхэм хэдгъэхьэн хуэфащ, къэрал щэсыпlэу процент 70-м нэблагъэ хуетту».

Адэкlэ Рахаевыр тепсэлъыхьащ « 2025 гъэ пщlондэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щlыналъэм зэрызиужьыну» УФ-м и къэрал программэм «2016-2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ-экономикэм и зыужьыныгъэ» и программ гуэдзэр гъэзэщlа зэрыхъум. Абы икъ иткlэ, министрым зэрыжиІамкlэ, 2018 гъэм КъБР-м къыщрахьэжьащ инвестицэ проекти 4. «КъБР-м зегъэужьынымкlэ корпорацэ» АО-м и устав мылъкур сом мелуан 537,6-кlэ хигъэхъуэн папщlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм унафэ къыщтащ.

Къищынэмыщlауэ, зэІущlэм и гугъу щащlащ КъБР-м и муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэм и унэтlыныгъэр зэхэлъхьэнымрэ къэщтэнымрэ екъэлъ Іуэхугъуэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ зыужьныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Тlымыжь Хъусен** и псалъэхэм къызэрыхэщамкlэ, щlыпlэ муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэм и унэтlыныгъэр зэхэлъхьэу къащтэн хуейщ мы гъэм и щыщхьэуlу маз эм и пэ къихуэу. Абы и лъэныкъуэкlэ министерствэм чэнджэщхэр итыну хьэзырщ, семинар къызэригъэпэщынущ.

ТЭРЧ ХьэтІохъущыкъуэ.

● Къэрал къулыкъущlапlэхэм

Щэбэтыкъуэ Натбий Бетlал и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщlыныгъэшхуэ игъэтащ. Дунейм ехьажащ Къэрал музыкэ театрым и художественнэ унафэщl икlи дирижёр нэхъыщхьэ, Урысей Федерацэм щlыхь зиІэ и артист Щэбэтыкъуэ Натбий Бетlал и къуэр.

Щэбэтыкъуэ Натбий Собиновым и цlэр зэрихьэу Саратов дэт консерваторэр 1968 гъэм къиухащ. Адэкlэ ар Ульяновскэ къэрал филармонием щылэжьащ. Римский-Корсаковым и цlэр зэрихьэу Ленинград дэт консерваторэм абы зыщигъэсащ симфоние оркестрым и дирижёру икlи 1982 гъэм щыщlэдзауэ Ульяновскэ къэрал симфоние оркестрым и дирижёру лэжьащ.

1987 гъэм щыщlэдзауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал симфоние оркестрым и дирижёрщ. 1992 гъэм Къэрал музыкэ театрым и дирижёр нэхъыщхьэу ягъэуващ. Нэхъ иужькlэ Щэбэтыкъуэ Натбий театрым и художественнэ унафэщl хъуащ. Абы и гъащlэр Іуэхум тэмэму бгъэдэтыныгъэ зыщlалъхуа республикэм хуэлэжьэныкlэ щапхъащ. Щэбэтыкъуэ Натбий театрым щигъэуващ Чайковский П. и «Евгений Онегин», Верди Дж. и «Риголетто, Леонкавалло и «Паяцы», «Верди Дж. и «Травиата», Рахманинов С. и «Алеко», Балэ М., Кьардэн Хь. сымэ я «Мадинэ», Чайковский П. и «Иоланта» оперэхэр, Штраус И. и опереттэ хьэлэмэтхэр, балет спектакль зыбжанэ.

Щэбэтыкъуэ Натбий и гъащlэр хуигъэпсащ цlыхухэм яхуэлэжьэным. 1986 гъэм абы «Урысей Федерацэм щlыхь зиІэ и артист» цlэ лъапlэр къыфlащащ. Акъылрэ творческэ зэфlэкlрэ зэрыбгъэдэлъым къыхэкlыу ар ди щэнхабзэм и лэжьакlуэ нэхъ цlэрыпlуэхэм ящыщ хъуащ.

Цlыху хьэлэмэтыр икlи гуапэр, зэфlэкlышхуэ зыбгъэдэлъар, нэхъыщlэхэм я ущиякlуэу щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм зэи ящыгъупщэкъым.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэ, КъБР-м и Театр лэжьакlуэхэм я союз, Къэрал музыкэ театрым и лэжьакlуэхэр.

Мыд Мадинэ Къэралбий и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщlыныгъэ ин игъэтащ. Махуэ бжыгъэ фlэкlа мысымэджауэ, напlэзыпlэу, накъыгъэм и 4-м дунейм ехьажащ дирижёр цlэрыІуэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и театр факультетым и декан, профессор, КъБР-ми КъШР-ми Гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиІэ я лэжьакlуэ, КъБР-м и хор зэгъэхьныгъэм и унафэщl Мыд Мадинэ Къэралбий и пхъур.

Макъамэм зэфlэкl инхэр щlызиІэ, егъэджакlуэ Іэкlуэльакlуэ, къызэгъэпэщакlуэ Іэзэ Мыд Мадинэ гъуазджэм ехъулІэныгъэшхуэ щlызыІэригъэхьащ. Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтыр къыщlэзlуаха япэ махуэхэм щlыщlэдзауэ япэщlыкlэ хор дирижированэмкlэ кафедрэм и унафэщlу, иужькlэ театр факультетым и унафэщlу ар щылэжьащ. Мызэ-мытlэу урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат хьуа институтым и студент хорыр къызэрызэрагъэпэщрэ и унафэщlт Мыд Мадинэ. Ар ди республикэми нэгъэущlщlы щlыпlэхэми щыпсэу щэнхабзэм и лэжьакlуэхэм, и лэжьэгъуэхэм, ныбжьэгъуэхэм фыуэ ялъагъурт, абыхэм я гулъытэрэ пщlэрэ къэзылэжьа, зэфlэкl инхэр зыбгъэдэль музыкант нэст. Мадинэ и гъащlэр и щапхъэщ къыхиха Іэщlагъэм хуэпэжа, республикэм и Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр ди щыхьэрым и Дэшхуей хадэми щрагъэкlуэкlащ.

Жыгхэмрэ щхъуантlагъэхэмрэ кьадэкlуэу, «Горэеленхозым» и лэжьакlуэхэм удз гъэгъа лІэужьыгъуэхэмкlэ Налшык и щlыпlэ куэдыр ягъэдахэ: КъБР-м и Правительствэм и Унэм ибгъукlэ, Налшык паркым апхуэдэу япэу щыфlьагъунущ епэр (виолэ) гъуэплъхэр. Нэгъабэ ди къалэ утхэм щыхаса тюльпан плъыжьхэмрэ гъуэжьхэмрэ мы гъэтхэм къахэхъуащ щхъуэжьапlыкlэхэр, хужьыбзэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Зэпыщlэныгъэхэр

Кавказым дихьэхахэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекlуэкlащ «Урысейм щыщ Кавказыр зыдогъэцlыху» дунейпсо студент форумыр. Іуэхур къызэрагъэпэщащ Дунейпсо зэхущытыкlэхэмкlэ къэрал институту Москва дэтымрэ (МГИМО) Бэрбэч Хьэтlуэтlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэдэлажьэну зэращlылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткlэ. Абы щlэгъэкъуэнрэ дэІэпыкъуэгурэ яхуэхъуащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэу Быф Анатолийрэ Геккиев Зауррэ, университетитlым я ректорхэу Торкунов Анатолийрэ Алътуд Юрийрэ.

ФОРУМЫМ ипкъ иткlэ ди республикэм щыхьэщlащ къэрал 11-м щыщ студентхэр, Франджым, Италием, Болгариием, Австриием, Германием, Колумбием, Эфиопием, Узбекистаным, нэгъуэщlхэми я лЫкlуэхэу. НэхъапlэІуэкlэ ахэр хэтащ икlи щытекlащ МГИМО-м политикэ теориемкlэ и кафедрэм и доцент Ваславский Янрэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатым и дэІэпыкъуэгъу, МГИМО-м и егъэджакlуэ Къаскъуэ Аслъэнрэ кьыхалъхьа эссе зэпеуэм.

Зэхуэсым и планкрэ Іыхьэм къыщыпсэлъащ КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іуес, Къэбэрдей-Балъкъэрым Граждан жылагъуэ институтхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ и управлением и унафэщl КІурашин Анзор, МГИМО-м и егъэджакlуэхэу Ананьев Борис, Къаскъуэ Аслъэн, КъБКъУ-м щlалэгъуалэ политикэмкlэ и управленэм и унафэщl Лу Азэмэт, КъБКъУ-м и институтхэм я унафэщlхэу Тэмазэ Муслим, Гергаев Іуэчим сымэ, нэгъуэщlхэри.

КъБКъУ-м и лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм ирагъэблэгъа хьэщlэ лъапlэхэм хуабжьу яфlэхьэлэмэтащ абыхэм папщlэ къызэрагъэпэща Іуэрыlуатэ-этнографие концертыр.

Форумым хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl Мусуков Алий яхуэзащ. Хамэ щlыпlэхэм кьикlа студентхэр тепсэлъыхьащ дунейпсо политикэмрэ къэралхэм я зэхущытыкlэхэмрэ пыщlа Іуэхугъуэхэм, ди республикэм и зэфlэкlхэм.

Хьэщlэхэм зрагъэлъэгъуащ Кавказ щlыналъэм и дахагъэр, гурэ псэкlэ зыхащlащ ди щlыхуэхэм жумартыгъэмрэ хьэлщэн екlумрэ. Ахэр икъукlэ итхьэхъуащ Еропэм щынэхъ лъагэ дыдэ Іуащхьэмахуэ, Малкэ дэт шы заводым щагъэхъуу, дуней псом щыщlэрыІуэ адыгэшхэм. Студентхэм яхуэзфlэкlащ абыхэм шэсыну икlи адрей шы лЭужьыгъуэхэм ахэр зэрефlэкlыр нэрылъагъу ящыхъуащ. Апхуэдэу хьэщlэхэм кьыхуаІэтащ адыгэ, балъкъэр ерыскъыхэмкlэ уэзда Іэнэхэр. Бысымхэм ахэр щыгъуазэ хуащlащ лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрагъэхьэзыр щыкlэхэм, ахэр къызыхащlыкlхэр псори ди республикэм ейуэ зэрыщытри къыжаІащ. Бгырысхэм я хьэщlагъэ екъиlэмэ хуабжьу дахьэхат студентхэр. Псом хуэмыдэжу гуапэ ящыхъуащ шууейхэр адыгэ лъэпкъ ныпыр яІыгъыу екlуу абыхэм зэрапежьар.

- Си адэ-анэм, си Іыхьлыхэм Урысейм къэкlуэну мурад щlылмэ, апэ дыдэу мы щlыпlэр зрагъэлъагъун хуейуэ чанджэщ ястынущ, - жиІэрт Франджым щыщ Мебиус Крамер.

Хьэщlэхэм зэрыжаІэмкlэ, эссер щатхым, Кавказым теухуауэ яІа гупсысэхэр иримыкъуауэ къащыхъуащ, щlыпlэм къакlуэу псори я нэкlэ зрагъэлъэгъуэ нэужькlэ. Ахэр хуейщ иджыри кьытрагъэзэну, нэхъыбэлъэри щlыпlэ.

- Пlэщlыгъуэ зыбжанэкlэ уэзэбэкlыжмэ, тхыдэ и лъэныкъуэкlэ мыхьэнэщхуэ зиІэ лъэбакъуэ ячауэ щытащ бгырысхэм - Кавказым и лъэпкъэмрэ Урысеймрэ зэгуэхэри, я къарур, я щэнхабзэр, я гъащlэр зы ящlауэ щытащ. Кавказ Ищхъэрэр Урысейм и ипщэ гъунапкъэу щытщи, Урысейр къэзыхъурейхь кьарухэм абы щекlухьмэ, езы Кавказри Урысейм кьехъумэ. Апхуэдэу ахэр къогъуэгурыкlуэ икlи апхуэдизэ я къэкlуэнри, - яжриІэрт хамэ щlыпlэхэм щыщхэм Москва щыщ Петровэ Елизаветэ.

Іэхугъуэм зэхуишэсащ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкlуэу нэхъ акъылыфlэ дыдэхэу пщэдейрей дунейм и щытыкlэнур зэлъыта щlалэгъуалэм щыщхэр. Форумым и мыхьэнэр икъукlэ инщ ди къэралым и еджапlэ нэхъ пашэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ МГИМО-м щlэс хамэ къэрал студентхэм Кавказым теухуауэ яІэ еплъыкlэр зэфlэувэныжьмкlэ, лъэпкъ, къэрал зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныжьмкlэ.

МЭРЕМЫКlЪУЭ Элеонорэ,
филологие щlэныгъэхэм я кандидат.

● Іуащхьэмахуэ щlыналъэ

Хэку зауэшхуэм хэтахэм яхуозэ

Текlуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и пэ къихуэу Іуащхьэмахуэ районымрэ Тырныауз къалэмрэ я администрацэхэм, пощт Іуэхущlапlэм, Лэжьыгъэмкlэ, щlыхуэхэр Іэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныжьмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэ етыныжьмкlэ, щlалэгъуалэ политикэмкlэ район центрым я лЫкlуэхэр Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я деж щыІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкlуэ Юрий къыдигъэкlа унафэм ипкъ иткlэ ветеранхэм сом мин 30 иратащ, апхуэдэуи саугъэтхэмкlэ яхуэупсащ. Къищынэмыщlауэ, Іуащхьэмахуэ район администрацэм къыбгъэдэкlыу сом мини 10 хуахьащ.

Фронтым Іутахэм Текlуэныгъэ Иным и махуэшхуэмкlэ ехъуэхуауащ икlи узыншагъэ быдэ яІэу, зэгурыІуэныгъэм, гуапагъэм, зэІуэпэщынигъэм щымыщlэу псэуну зэрагуапэр къыхагъэщащ.

Іуащхьэмахуэ районым и администрацэм и унафэщl Залиханов Кьанщоубий Хэку зауэшхуэм хэтахэм епсэлъащ, езыхэр зауэ илъэсхэм теухуа я гукъэкlыжхэмкlэ къадэгуэшащ икlи хьэщlэхэм фlыщlэ хуащlащ зэращымыгъупщэмкlэ, я гулъытэ зэрыщамыгъащlэмкlэ, Текlуэныгъэ Иным и фэеплъыр зэрахъумэмкlэ.

ТАРИМ Алисэ.

Къалэр ягъэдахэ

Налшык и щlыпlэ куэдыр жыгыщlэхэр щыхэсэ.

КОММУНАЛЬНЭ Іэнатlэм я лэжьакlуэхэр щылэжьащ Хъураным, Головком я цlэхэр зезыхьэ уэрамхэм.

Мыбыхэм я гъэзгу Іуфэхэм ирикlуэу тетщ ныбжь зиІэ псей, уэздыгъей, кlей жыгхэр. Жыгыщlэхэр абыхэм я зэхуакухэм дасащ, зэгуэр жыгыжьхэм я пІэм къызэриувэным хуэдэу.

Жыгхэмрэ щхъуантlагъэхэмрэ кьадэкlуэу, «Горэеленхозым» и лэжьакlуэхэм удз гъэгъа лІэужьыгъуэхэмкlэ Налшык и щlыпlэ куэдыр ягъэдахэ: КъБР-м и Правительствэм и Унэм ибгъукlэ, Налшык паркым апхуэдэу япэу щыфlьагъунущ епэр (виолэ) гъуэплъхэр. Нэгъабэ ди къалэ утхэм щыхаса тюльпан плъыжьхэмрэ гъуэжьхэмрэ мы гъэтхэм къахэхъуащ щхъуэжьапlыкlэхэр, хужьыбзэхэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фэеплъ

Зэи ягу ихунукъым

Щэджэм къалэм Хэку зауэшхуэм хэкlуэдахэм я фэеплъ дэтым деж щекlуэкlащ хэкум и хъумакlуэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм къыщалъхуа политрук Хатагов Хъамбий Сэрэбий и къуэм теухуа зэхьихьэ. Ар щэджэм щыналъэр хуит къыщащlыжьым хэкlуэдащ икlи къуэшыкъэм щыщlалъхьащ, абы щыгъуэми илъэс 70-м щlигъукlэ хъыбарыншэу кlуэдауэ къалъытэу екlуэкlащ.

ФЭЕПЛЪ Іуэхум хэтащ къалэ администрацэм, дзэ комиссариатым я лэжьакlуэхэр, Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщlэкlэ Зэщlауэзэда Къарухэм, районым и хабзэхъумэ Іэнатlэхэм я ветеранхэм я советым щыщlэр, политрук Хатаговым и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, школакlуэхэр.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкlэ щыму яхуэщыгъащ Хэкум папщlэ зи псэр зытахэм икlи фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтlылъащ.

Хэку зауэшхуэм хэкlуэда зауэлІэхэм я фэеплъым иджы тетщ Хатагов Хъамбий Сэрэбий и къуэм и щlэ-унэцlэр. Илъэс 73-рэ дэкlа иужьщ абы иджы и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ къыщащlар ар щыхэкlуэдар.

1907 гъэм къалъхуа Хатагов Хъамбий 1942 гъэм дзэм ираджащ, икlи а илъэсым и щыщхьэуlум хъыбарыншэу кlуэдауэ щытащ.

КlАРЭ Элинэ.

Интернетымрэ щlалэгъуалэмрэ

КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм къызэрагъэпэща, «Интернетымрэ щlалэгъуалэмрэ» зыфlаща зэІущlэ Дол Хьэсэнбий и цlэр зэрихьэу Хьэтуей къуажэм дэт курыт еджапlэм адыгэбзэкlэ иджыблагъэ щрагъэкlуэкlащ.

ЗЭІУЩlЭМ кърихьэлІат КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкlэ и къудамэм и унафэщl Табыщ Мурат, КъБР-м и Парламентым и Щlалэгъуалэ палатэм и унафэщl ГугъуэтэжАхьмэд, палатэм ныбжьыщlэхэр зэкупсэу гъэсэныжьмкlэ иІэ къудамэм и унафэщl Іэрэмысэ Тимур, «Черкесский ренессанс» жылагъуэ зэгухэныгъэм и тхьэмадэ Жылэгъащlэ Хьэчим, КъБКъМУ-м и студент Хьуран Лианэ сымэ.

Псалъэмакъыр зытеухуар гъэщlэгъэн ящыхьыт зэІущlэм хэтхэм я мызакъуэу, хьэщlэхэмк. Интернетыр зи Іэпэгъуэхэмрэ зи жагъуэгъуэхэмрэ, жаІэри гупитl зращlыкlат 8-нэ, 11-нэ классхэм щlэс еджакlуэ щыкlуэхэм.

Интернетыр зи Іэпэгъуэхэр абы гъащlэм щиубыд увыпlэм, фlагъыу къикхьым, унэм ущlэсу Іэхуу зэфlигъэкlым, хъыбарыщlэхэр псынщlэу къэпщlэну Іэмал зэрыбгъэтым, хьэпшыпэ зэхуэмыдэхэр къеБгъэхь зэрыхъум, нэгъэущl куэдми тепсэлъыхьащ. Апхуэдэ дыдэу абы и жагъуэгъуэхэм интернетым зэрранигъэу къишэм, узыншагъэм зэрегуауэм, ар ди гъащlэм къызэрыхьхьэрэ цlыхухэм я зэхущытыкlэм зэрызихъуэжам, нэгъэущlхэми щапхъэкlэ щlагъэбыдэжурэ и гугъу ящlащ.

Къыхэгъэщlапхъэщ еджакlуэхэм гъэхуауэ, ШэрыІуэ, зэхэщlыкlыгъуэ адыгэбзэкlэ зэкуэн зэратар.

Зэпсэлъэныгъэм и кlэм деж къыхагъащащ нэхъ жьакlуэу жэуап зытахэр, эксперт-аналитик нэхъыфlэхэр.

Гугъуэтыж Ахьмэд къыщыпсалъэм жиІащ мы зэхьэзэхуэм къыхэжаныкlаэр Щlалэгъуалэ палатэм иригъэкlуэкlыну зэхьэзэхуэм и зы чэзу Іыхьэм зэрыхэтынум хуагъэхьэзэрыр зэрыхуейр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Сэ уэ фIыуэ узолъагъу, уэри фIыуэ сыкъэлъагъу

Зыгуэрым емыгуэкIуэфын хуэдизу нэджэIуджэ цIыхуи, хуэфэщэн щIэджыкIакIуэ имыгъуэтыжын хуэдизу купщIэнщэ тхыгъи щыIэкъым.
ЧЕХОВ Антон

**ЦIыхуэхэр мамыру, зым адрейм щIыдэплъеин щхьэусыгъуэ игъэту зэдэпсэун папщIэ, Iэмэпсымэ зыбжанэ щыIэщ. Абыхэм яэыхэзщ бзэр. Къэралыгъуэ Iуэхуи, тхыдэ гукъеуи, утыку зэпеуи Iуэхум къыхэмыхьэу, бзэр бзэ къудейуэ, цIыхум зэрызихьэмэж. и зэхэщIыным зэрызригъэужь Iэмал къабзэу къапщтэмэ, ар зыхуей хуэзауэ къыумыгъэщхьэпэныр, ар зэбгъэхъулIэным уемыдIалIэныр щыуагъэу, уеблэмэ щхьэемыгугъуныгъэу къалъытэ. «ПсэлъэкIэмыщIэ, псалъэшхуэжьIэ» хуэдэ гъэсэныгъэ нэмыщIысам и нэщэнэу бзэм зыщIырихьэлIэ жыIэгъуэхэми цIыхур адыгэбзэ дахэм иригъэхъуапсэу, абы хуэшэрыуэ зищIыным тригъэгушхуэу щытщ.

ХЬЫБАР зэIэпыхьпIэ Iэмалыщ Iэхэм уэру зэрызаубгъурэ, бзэм и мыхьэнэр нэхъ иныж хъуащ, псом хуэмыдэу тхыбзэм ейр. Сыту жыпIэмэ, иджы къалэмыр, е абы и пIэ кIыува компьютер-телефон хъэрфыпхъэхэр зи мыIэпэгъу гъуэтыгъуейщ.

ЦIыхум бзэ нэхъыбэ хуэгъэшэрыуэху, лэжьыгъэми щIэныгъэми, гъащIэми дунейми нэхъ тыншу зэрыхэгъуэзэфынур гурыIуэгъуэ. Урысыбзэр щыкъэралыбзэ пажэ хэгъэгу дыщыщIипсэукIэ, жьыжьуи гъунэгъууи димыбзэгъу щIыналъэхэм дыкъыщаухъуреихькIэ, шэч хэлъкъым бзэ лей зэрыщымыIэм, пхузэгъащIэм хуэдиз зэбгъэщIэнри зэрынэхъыфым. ИтIани, ерыскъы шыугъэр шыгъум зэрызэримыгъэзэхуэжьм ещхьу, мыIэмалышэу хамэбзэхэмкIэ щедгъэлей щыIэщ, адыгэбзэм тхутешэжамэ, дызэпIалIэ псори нэхъ тыншу къыдэхъулIэну.

Адыгэм и гурылъ къэIуэтэкIэр здынэсаишхуэ щыIэкъым жьгIэмэ, къытхуадэнкъым. Ауэ дэр-дэру зыдгъэзумысыжи, пхъашафэ зытедгъэзуэу щхьэ нэхъ тфIэтынщ, щабафэ зытедгъэзуэн нэхъ?? Девгъэдаiуэт ди уэрэдхэм, девгъаджэт ди усэхэм. КIуэдыжьнкIэ дызыхуэмыгузавзэу диIэ щэнхабзэ къудамэ закъуэр - лъагъуныгъэ уэрэдхэр - щапхъуэ къэтщтэнщи, зэхэзыхым дыщымысхуу щедгъэлейм дежи, дгъэпльапIэ цIыхур зэрыдгъэщIэрадЖ зи псалъэхэм гум нэмысу къаблэзэж. Сыызджэм «уэ» цIэпапцIэр зэрыхэт къудейм щхьэкIэ, гухэлъ уэсфIэсщын хуеймэ, сыт абы химыубыдэжыр? Бысымым и жагъуэ имыщIын щхьэкIэ, Iэнэм къыхутрагъэувэ псори щхьэхуимыту езыкъых хьэщIэм ещхьщ нобэрей щIэджыкIакIуэр.

Бзэльхъугъэ усэхэр нэхъыбэщ, зэIуплъэгъуэкIэ. Ауэ ахэр бзэльхъугъэ зыхэщIэкIэ къэзыIуэтэ тхыгъэ зыщIыгъ закъуэтIакъуэххэрэщ. «Мыбы «уэ» гуэр и нэгум щIэтщ», - аращ уигу къагъэкIыр - Мэлбахъуэ Тимборэ и псалъэ шэрыуэкIэ жыIэмэ - сатыркIэ зэрызэпыудам фIэкIа усэ нэщэнэ зыдумыIъагъу а къебжэкIэхэм. «ЛъагъуныгъэуэсэфIэкIа схуэтхыркъым», - жьзыIэ яхэтщ абыхэм. Хъарзынэщ, сыт гур зыIэт, цIыхур цIыху зыщIыж гухэлъ къабзэм уэсэ тебухуэу щIэмыхъунур? Ауэ зытхам жиIэр еджэм и фIэщ щIэмыхъур сыт?

«Адыгэхэм шыIэныгъэ яхэлъщ аращ апхуэдэу щIыщытыр», - жьпIэнщ. Усэм зышыIи зумышыIи жиIэркъым. ЖыпIэну къезэгъымрэ жумыIэу мыхъунымрэ я зэпэшачэщи, «хэди къыхэх» жиIэ хуэдейщ. «Дэнэ уэрэд къыздисхынур, ар уэ зэрыптеухуар зыми кIыгурымыIэн хуэдизу?», - фщIэжрэ уэрэджьыкIуэ гуэрым жиIэу щыта едзыгъуэр? «Уэ» е «ар» гуэр сатырхэм къыззрыхэзырыхьым цIыхум щабафэ, гу махафэ къытригъэуэн хуей хуэдэу щытщ, ауэ дэ дыбзаджэIуэщи, а усэхэм яхъыбэм къытхуиджыкIыр зыщ: усакIуэм щIэупщIэ зэрыпсэ ешэжу.

Iуэхур зыльъхъапэр сыт жыпIэмэ, адыгэбзэкIэ дунейм къытехьэ Iэдакъэщ Iэкlхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъум и щхьэусыгъуэкIэ, ар езгъэфIэкIуэн хуей псалъэмакъыр кхьэзэрыпхуэмытыхьхэщ. Зи гугъу тщIыр «смс»-хэмрэ «комментарий»-хэмрэ кхьыхэтэджькIа «адыгэ урысыбзэкIэ» утыку кхихьэ сатырхэрщ. Абыхэм ди Iуэху яхэмыльхьхэу къэтлъытэнут, а хамэбзэ къебэ-небэмкIэ Хьэбалэ кхыIуфрыбла тхыгъэхэр пщэдей хуэдэм адыгэбзэкIэ зэддзэкIыжурэ, «адыгэм ихтащ» жьгIэу дащытхъун къалэныр кхьдэбгъэрыкIуэ зэпыту щымытамэ. ХамэбзэкIэ дунейм кхьтехьа тхыгъэ нэхъыфI дыдэри адыгэ литературэм щыщкъым, урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, нэмыцIабзэкIэ, кынэмыщIыбзэкIэ фIэкIа мытхэ усакIуэм «адыгэ усакIуэ» фIэщыныр захуагъэхъым - аращ махуэ къэс кхьытегдгъаз эуэрэ жьдмыIэу мыхъур.

«Ярэби, мыр тхьыгъ дапщэ еджауэ пIэрэ, «тхьылъ стхащ» жиIэу утыку кхихьэн и пэкIэ?» - жьпIэу уеугъэпсыныну ухунэсыркъым. Пщэдей хуэдэм нэгъуэщI зыгуэр кIыуокIри, а уигу иримыхьар чэнджэщгъуэу кхьуеГэщтэж. Умыдзыхэ, уи суРэтыр зытегъуэуа уэ лъабжьэм зыми кхьыкIащитхэнукъым: «Уи урысыбзэм урыс грамматикэм ипкъ иткIэ щыуагъэшхуэхэр кхьохуэ, мы усэми фIыуэ елэжьын хуейщ», - жиIэу.

Нэхъ гъащIэшхуэ кхьыззынэкIа литературэхэм уэзрыдахьэхьн Iэмал нэхъыбэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, а бзэмкIэ цIыху нэхъыбэ зэрыпсалъэр. Ауэ ипэжмIэпIэкIэ усакIуэр усакIуэ зыщIыр бзэм и закъуэкъым - жиIэн зэриIэмэр ар зэхэзыхь зэрыщщIэмрэщ. ТIум языр - бзэмрэ абы мафIэгу чIырэу кIэрыщIа литературэмрэ - чэммэ, мис, нобэ кхьытщыщIыр къащощI.

БзитIыр зэдэтхь къудей мыхъуу, щызэхуэдгъэдэфын гъащIэ дыхэпсэукIыу щытамэ, мы Iуэхум хэкIыпIэ гуэр кхьыхъуэкIынкIи хъунт. Ауэ ильэсищэрэ щэ нкIыуэм щIигъукIэ урысыбзэкIэ дунейм кхьытехьа адыгэ Iэдакъэщ Iэкlхэм ятепщIыхьмэ, гу лъымытапIэ иIэ-къым ахэр урысыбзэ зэзыгъащIэхэм е адыгбзэ зымыщIэхэм нэхъ къахэщхьэпэ литературэу зэрыщытым. Шэч хэлъкъым ахэр хэкум епха гурыщIэхэм, тхыдэм хэухуэна пэкIуэцI гъащIэгъуэнхэм зэральэIэсми, ауэ дэ дызылъхьэуэу кхьытхуэмыгъэтыр лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыжь анэдэлъхубзэм псынэ кхьыщIэжьпIэ хуэхъу тхыгъэ нэгъэсаэхэрщ.

Мы зи гугъу тщIы утыкум къихутхэр «угубзыгъэмэ, уемыджэми хъуну» жызыIэфIэщI гупщ, зэхэгъэжымыщI «лъэпкъ Iуэхум» жыджэракIуэ ищIэуэ. Пэжщ, тхьылъ нэхъыбэ еджа псори Iущкъым. Еджа гунэфи емыджа гу нэхуи куэд дыдэу щыIэщ. Ауэ дызытепсэлъыхьыр щыIэщIагъэкIэ, кIрикIуэр псоми кхьытлъэIэсу щыщыткIэ, мыпхуэдэ Iэдакъэщ Iэкlхэм лъэпкъым дихьэзшэнфэ кхьызэрыпрагъауэм гу лъыдмытэну дыхуитхъым.

Иджы а «лъэпкъ Iуэху» жыхуаIэм дыхэIэбэнщ. Нэхъ Iуэзу зыхэтщэнщи - адыгэ Iуэхум и «урысыбзэ къудамэм».

ЖьгIэр пэжу къагурыIуэну дыхуейт: дэри ди гуапэ мыхъуу щыткъым бзэ зэмылIэужьыгъуэхэм махуэ къэс нэхъ уэру адыгэ тхыдэм зэрызыщиубгъур, ди блэкIам лъэпкъ нэхъыбэ щыгъуазэ зэрыхъур. Ауэ зи жьаУэ дыщIэт жыгым и лъабжьэр гъужмэ, щIэныгъэлI, тхакIуэ, усакIуэ нэс дамыIэжмэ, дыкъэзыухъуреихь бзэмкIэ лажьэ ди щхьэхэмрэ анэдэлъхубзэкIэ дунейр зыхэзыщIэ дигуэхэмрэ дауэ зэтеувэжа зэрыхьунур?!

Адыгэхэр урысыбзэкIэ зыгъэунэ цIыху жанхэр щыплъагъуэ фаеу, блэкIа лъхъэнэр зыхуэзэрыщу щыта «дэ тщымыщIыр - бийщ» Iуэху зеэхэкIэр уи нэгу кхьыщIоувэж. ГъэщIэгъуэнэр адыгэбзэнщэу адыгагъэм хуэпабгъэ къудамэщIэ псори зэрызэщхьыркъабзэрщ: чыристаныгъэм дихьэхауэ уэрамыщхьэм «кхьыщыдэщакIуэ» ди лъэпкъэгъуэхэр; лIэщIыгъуэкIэрэ мусЫыМэныбзэу къекIуэкIа адыгэбзэр кхьагъэнаУ, КурIэнымрэ хьэдисхэмрэ урысыбзэкIэ гуэузсыхь ди динэгъуэри; адыгэ хабзэм фIэщхъуныгъэ кхьыхащIыкIыным гугъэ хэзымыхьыж «адыгэ дыдэхэри». Псори зэщхьщ... анэдэлъхубзэм фIыкIэ зэрыщымыгугъымкIэ. ЗэрызэщхьщыкIыр я нэр зымыгъаплъэ щхьэусыгъуэмрэ я чIырэу кIэрыщIа зызыкIэрищIэ «терминхэмрэщ».

Зи гугъу тщIы хэкупсэм а зыхэпщIа насыП къудамэм сыт хуэдэ гупсэхуГъуэ лIэужьыгъуэ щигъуэтыр жьIпIэмэ, ари ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа уэ тхыкIэм ещхьыркъабзэщ: щIыхуэхэм закъыхихгъэщIыну хуитыныгъэ къелъыхъуэ. А адыгэбзэм зэи къыпхуимыдэнур! АнэдэлъхубзэкIэ зепхъэ сыт хуэдэ хабзэмэ къыпфIыщIигъэщIынур!

Дунейм зыщхьыныгъэ гъуэгуу щызекIуэр зы закъуэщ: зыщIэм ищIэр зымыщIэм жреIэ, нэгъуэщIу жьIпIэмэ, нэхъыжьым - нэхъыщIэм. Нэхъ псынщIэу зыльэIэс Iэмалым зэрепхъуар я щхьэусыгъуэу, а зи гугъу тщIы лъэныкъуэ псоми гу къабзэкIэ, пльапIэ лъагэкIэ хэпщIа зэрыщщIэри гурыIуэгъуэщ. Ауэ псоми къэтлъыхъуэр зыуэ, абы ухуэзышэ гъуэгухэм я нэхъ кIэщIыр щыт лъэпкъыбзэм хэпщIауэ хэт Iущы-гъэрауэ щыщщIткIэ, уэ пхуэдэм хамэбзэкIэ щIэ гуэр фIэпщу, гъащIэм къыщыплпыс зэман тIэкIур абы пэщIэтыным тебухуэн щхьэ хуей?! Жэуапыр зыщ: адыгэхэм я гъащIэ псор зытрагъэкIуадэ «щIыхум хэгъуэщэн» къалэныр, щIыубэ гъащIэм уи увыпIэ къыщыбгъэтыжьынкIэ Iуэху тыншкъыми аращ.

ПСАЛЪЭМ и кIэщIраци, адыгагъэр иджыпсту «моднэ» хъужащ. Ардыдэр адыгбзэзэм тхуещIамэ - дежьуIат, сыту жьIпIэмэ, адыгэ хабзэр урысыбзэкIэ зыхэслъхьэнщ жыхуэпIэ пльапIэр щхьэгъэпцIэжщ: тэдджыкIэ-тIысыкIэм зыпхуеГэсэнущ, ауэ лъэпкъыушым нэгъунэ гукъэкI хэзыльхьэфа адыгэбзэм и гъэсэныгъэ курыхыр пIэщIэкIынущ. Ди бзэмрэ ди хабзэмрэ хамэбзэкIэ дытегъэзэвыхькIи, дуней псом адыгэ фащэ щыгтIагъэкIи адыгащхъэ къытфIэкIэжьынукъым, а щхьэр гум езыпх къыстелъ - анэдэлъхубзэм - къару щIэмылъмэ.

Нобэ дызытегушхуэ лIыгъэм гъуэгу езытар дыгъуасэ зыгуэрым и псэм и Iэфыр, и бзэм и къарур, и хэкум хуихьымэ хъупсанIэкэр езыр зыхэпсэукI зэманымрэ щIыпIэмрэ зэрыригъэзэгъыфаращ, щхьэл игъэлажьамэ, жэм къишами, ваКъэ идыжами. Ахэр хъэзыру щIыЗу, дунеищIэ къыщIэзIупхыни революцэ къыщIэбгъэхъеини щIэзкъым - щIыпр егъэфIэкIуэн хуейуэ аращ.

«Къалэхэм телъыджэу дэлъымрэ дунейм зыщIплъыхьыным гъуэзэджэу хэлъымрэ зи щIасэхэм папщIэ тегъэ - ар ерагъ и цIэр щIы хъурейм зыщипльыхьу и нэгу щIэкIахэр къалэмкIэ къэзыIуэтэжа дунеяплъэ цIэрыIуэ ИбН Бэтлутlэ и тхылъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и хъыбархэр ди щIэныгъэм къызэрыхьхьэр европей зэдзэкIакIуэхэм я къэухъым ипкъ иткIэщ, абы къыхэкIыу, къыхэкIуэм и псэльафэ шэрыуэхэр адыгэбзэм къыщидгъэзагъэкIэ, «къуиифэ» къатфIытоуэ. Ауэ щыхъукIэ, ИбН Бэтлутlэ ди щIыналъэм япэу къибжъуа дунеяплъэхэм ящыщ къудейкъым, атlэ и щIэгъэкIар лIэщIыгъуэхэм япхыкIын хуэдэу зыIуэтэжьифахэм ящщ.

ЗЫПЛЪЫХЬАКIУЭМ и гъащIэ гъуэгур зыджа адыгэ пхъурылъху Тимофеев Игорь «ИбН Бэтлутlэ» зыфIища и тхылъым дыкъыщоджэ: «1334 гъэм накъыгъэм и 6-м ИбН Бэтлутlэ иджыри Каир щыIэу зи хъыбар зэхиа Iуэ щыIэм («Золотая Орда») и тепщэ Iуэбэч-хъан и хэщIапIэм нэсащ.

ИбН Бэтлутlэ зэритхьжьымкIэ, Iэпхъуэ зэпыту щыт хъаныи и епсыхьпIэр Беш-Даг (и мыхьэнэкIэ - «бгитху») жыхуаIэ щыпIэм щыIэт, нэгъуэщIу жьIпIэмэ, иджырей Псыхуабэ (Пятигорск) дежи.

«Мы бгитхум, - жеIэ ИбН Бэтлутlэ, - тыркуэм зыщагъэпскI псы пщтыр къыщIэжьпIэхэр щыIэщ... Езыхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ псым зыщцыхьзыгъэпскIым уэ зи цIэ хъеуаIIэрэкъым...»

А хъыбарым къыдегъащIэ «Кавказ Ищхъэрэм къыщыщIэж минерал псыхэм уэхэр зэрагъэхъуэжьфым цIыхуэхэр иджыри Iуэ Дыщэм и зэман лъандэрэ зэрыщыгъуаэзэр».

ИбН Бэтлутlэ и хъыбарым пытщэн илэ, ар зыхуэзэ Iуэбэч-хъан адыгэхэм зэрапыщIа щIыкIэр дигу къэдмыгъэкIыжу хъунукъым. Тхыдэр зи щIасэхэм фIыуэ ящIэ кърым тэтэрхэм я хъаныкъуэхэр адыгэхэм, псом хуэмыдэу къэбзэрдейхэм, ирагъэпIу зэрыщытар. КъыззрыщIэкIымкIэ, а хабзэр къыщежьар мис мы зи гугъу тщIы Iуэбэч-хъан дежщ.

Мы хъаныи и щIэм ущроихьэпIэ ТIрахъуэ Рэмзан «ШэрджжэхэрР» зыфIища и тхылъым. «Iуэбэч-хъан и ныбжьыр илъэс пщыкIыщ ирикъуэу адыгэхэм я деж щагъэпщIуу щытащ, адыгэбзи ищIэрт. Тэтэрмонголхэм я щыхьэр Сарай «шэрджэс колониехэр» зыфIаща псэупIэхэр дэтт. Сэрейм щынэрахьэ Iуэхуэхэм адыгэхэр апхуэдизкIэ хэпщIати, Iуэбэч-хъан и къуэрылъху Бердыбэч иужькIэ, хъаныгъуэр Шэрджэс-хъан зи цIэ тепщэм лъысаугъэ щытащ», - жеIэ ТIрахъуэ Рэмзэан.

«Хъэрып тхыдэтх Ибн Бэтлутlэ зэрыжиIэмкIэ, Беш-Даг (иджы - Псыхуабэ) деж хэщIапIэ щызиIа сулътIаныр Кавказ Ищхъэрэм фIыуэ къыщыщIыху Iуэбэч-хъант. А цIэм ущроихьэлIэ Джулат Ипщэ къалэжьым теухуа тхыдэ нэпкIуэцIхэми... Iуэбэч-хъан псэемыблэжу Iуэ Дыщэ къэралыгъуэм и дин хъуа исЪамым зригъэубгъурт. Дэфтэрыжьхэм кхьихощ абы и къэралым джаур мащIэ дыдэ фIэкIа зэримысыжьмкIэ мысыр сулътIаным хъыбар ириГащIэу...», - щыжеIэ лъахэрыдж цIэрыIуэ Кузнецов Владимир 2014 гъэм Налшык кхьыщыдэкIа «Джулат Ипщэ. Кавказ Ищхъэрэм Iуэ Дыщэм и хъанхэм кхьыщагъэна къалэжьхэм ятеуХуауэ» тхылъым.

ИбН Бэтлутlэ дунейр зриГъэлъагъуну щежьа зэманым, «шэрджэс» фIэщыгъэр адыгэхэм якIэрыпщIакIэт, ар лъэпкъыщIэ тхуэзыщIари монгол-тэтэр къэралыгъуэращ.

«1240 гъэм ИбН Бэтлутlэ «Монголхэм я тхыдэ щэкур» пасэрей тхыгъэм япэ дыдэу кхьохуэ монголхэр адыгэхэм зэреджэу щыта лъэпкъыщIэ «шэрджэсыр», - етх адыгэ Iэщэм и тхыдэм Iэжьыгъэ купщафIэхэр тезыуХуа Горелик Михаил. - ИужькIэ а псалъэ дыдэр бзэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ адыгэхэм ятетхьжь адрей къэухкIыпIэ тхакIуэхэми я къагъащхъэпэн щIадзащ».

Адэкlэ дедэIуэнщ 1334 гъэм Псыхуабэ щыIа Iуэбэч-хъанрэ абы и унагъуэмрэ яхуэза ИбН Бэтлутlэ и хъыбарым:

«Дыздежьа щыIпIэм рэмэдан мазэм и 1-м дынэсат, ауэ хъаныи и псэупIэр гъэзу тету къыщIэкIащ, - етхьыж ИбН Бэтлутlэ. - Абы кхьихэкIыу, дыкъызидикIам дгъэзэжащ, хъаныр здэIэпхъуа щыпIэр абы нэхъ пэгъунэгъути. Си шэтырыр Iуащхьэм тезгъэувэщ, дамыгъэ гуэри кIэрысщIэри, и щыбагъым шыхэмэрэ гухэмрэ щызгъэззэгъащ. Хъаным и хэщIапIэр къыщыблагъэм, езыхэр «Iуэ»-кIэ здэжь къалэшхуэ къэтлъэгъуащ, тепщэр и пIэ икIыху, псэупIэхэри абыхэм щIэсхэри абы и гъусэу зекIуэу. Мэжджытхэмрэ бззэрэмрэ уолъагъ, я пщэфIапIэм кхьщIих Iугъуэмэхэр къыпщIехьэ: мыбыхэм я шхыныгъуэхэр Iугъуэгу зэрытетым хуэдэурэ зэгъахьэщэу, ягухэр зыщхьэм яшэ. Щепсыхьну щыпIэм нэса нэужь, шэтырхэр гухэм къытрахри, щIым ягъэув. Апхуэдэ дыдэу мэжджытхэмрэ тыкуэнхэмрэ зэрахьэ. Iугъуэгъуэ сулътIаным и щхьэгъуэсэхэр блашащ, дэтхэнэ зыми и цIыхухэр къыщыдащIыгъуу. Гуащэ еплIанэр, Исабгъэмирым и пхъур, щыблIкIым, абы Iуащхьэм тет, дамыгъэ зыкIэрыщIа си щытырым гу лъитэри, сэлам къыззэпыну щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ къысхуигъэкIуащ, си жэуапри Iэрыхьэжьыу ежьэжакъым. Сэри езым си гъусэхэм я щIым гъэ хуезгъэхьащ, Тулуктимур и къулыкъущIэр си лIыкIыу. Ар нэщэнэфIу къэзыIыэта гуащэм тыгъэр Iихщ, езым сыпэмыжьжьэу сыкъэувыIэну унафэ кхьыскуригъэщIри, гъэугъанэм пищэжащ. СулътIаныр къэса нэужь, епсыхьпIэ щхьэхуэ хуэзрагъэпэщащ.

СулътIан щэджащэ Мухьэмэд Iуэбэч-хъан теухуа псалъэ

Абы и цIэр Iуэбэчщ. «Хъан» жиIэмэ, езыхэм я бзэмкIэ «сулътIан» кхьыкIу аращ. Ар пащтыхьыгъуэ лъэрызехьэ зыбгъэдэIэ, къаурыкIэ лъэщ, си пщIэр лъагэ, си щэныр екIу сулътIанщ, диным кхьыщхьэщыжу, Алыхьым и бийхэу Константинополь щыщхэм яхуэпхъашэу. Iуэбэч-хъан иныгъ щIынальэхэр абрагъэщу, и къалэхэр инщ, Абыхэм ящыщщ: Кафэ, Кърым, Мэжэр, Iуэзв, Судакъ, Хъэрезм; и пащтыхьыгъуэм и щыхьэпыр Сарай къалэращ. Iуэбэчхъан дуней псом нэхъ лъэщрэ нэхъ цIэрыIуэу тет пащтыхьиблым ящщ...

Гъуэгу щытетым деж Iуэбэч-хъан щхьэхуэу езым и хэщIапIэм щопсэу, и пщыпIэмрэ и кIуныкъущIэхэмрэ фIэкIа имыгъусэу. И щхьэгъусэхэм ящыщ дэтхэнэ зыри езым и псэупIэм щIэсыжщ...

И пIэ щиси, гъэзгу щытети, хъаныи и Iуэху зехьэкIэм зэгъэззэхуэкIэ телъджэ зэрыхэлъыр наIуэ пщэкъу. Абы и хьэлъэм ящщ мэрем махуэм, нэмэз нэужьым, «дыщэ шэтыркIэ» здэжь и псэупIэ гъэщIэрэщIам зэрыщIэсыр. Шэтырыр дыщэ тхьэмпэхэр зытебза чыхэм кхьэщIыкIащ. И кум пхъэм къыхэщIыкIа тахьтэ итщ, ар дыщэпс зытебза дыжьын тхьэмпэхэмкIэ къэгъэтIылъхьащ, и щIыIум мывэ лъапIэхэр хэпхъащ. СулътIаныр и тахьтэм йотIысхьэ; ижьырабгъэмкIэ Тайтуглыгуащэр мэтIыс, абы Кэбэкгуащэр кхьыбгъэдэщ. СэмэгумкIэ Баялун-гуащэр мэтIыс, абы Урдуджи-гуащэр кхьыбгъэдэщ. Тахьтэ лъапэм и ижьырабгъумкIэ сулътIаным и кхъэ Тинабэч, сэмэгумкIэ - и кхъэ етIуанэ Джанбэч кхьыщсщ. И пащщхьэм ипхъу Иткуджуджжк къисщ...

Сэ си щэтырыр сулътIаным и кхъэ Джанбэч и щэтырым пэгъунэгъуу згъэуат. Сыкъыщыса махуэм, ичынды нэмэз нэужьым, сыщIыкIащ сулътIаным и деж. Абы щIихьэр, къадыхэр, щэрифхэр, дин щIэныгъэлIхэр зэхуишэри тхъэлъэIушхуэ яхуищIакIэт. Езыр щысу дыхэщхьэжащ. Щэрифхэм я пашэ, пщIэ зиIэ зиусхэм Ибн Абдул-Хьэмид фIыкIэ си гугъу ищIри, сулътIаным щIыхь къысхуищIыну чэнджэщ иритащ.

Мы тыркуэм хьэщIэм унэ щхьэхуэ хухахьуи, ерыскъы хуагъэхьэзыруи апхуэдэ хабзэ ящIэркъым, шышху (кумыс) зэрыт фалъэхэр хурагъэхь, фIигъэжыну мэлхэмрэ шыхэмрэ хурагъашэ - аркъудейщ. Аращ хьэщIэм пщIэуэ хуащIыр.

ИужькIэ, сулътIаным и гъусэу щэджагъуэ нэмэзыр сщIауэ сыщIэкIыжьыну зызгъахьэзыр пэтрэ, сыТIысыну унафэ кхьыСхуищIащ. Ерыскъыхэр кхьыщIахьащ: япэщIыкIэ лэпс лIэужьыгъуэ гуэрхэр, иужькIэ мэлылрэ шылрэ гъэвауэ. Сэри а жэщым сулътIаным хьэльыуэ зэрыльэ тепщэн и пащхьэм изгъэувати, и Iэпхъуамбэр хищIэри, и жьэм хуихьащ, ауэ афIэкIа хэIэбакъым».

«Курыт лIэщIыгъуэм псэуа щIэныгъэлIхэм къызэраЛытэмкIэ, Iуэбэч-хъан тхьэ фIэлыкIыныгъэ зыхэлъ цIыху щэныфIэт, - нэхъ убгъуауэ топсэльыхь Ибн Бэтлутlэ и бысымым Тимофеев Игорь. - Альбирзали тхыдэджым зэритхьжьмкIэ: «Ар щIалэ лъагъуГуафIэт икIи щэныфIэ дыдэт, мусЛыманым нэст икIи цIыху хахуэт».

Ди дежкIэ IлъапIэр, япэрауэ, Ибн Бэтлутlэ адыгэхэм «шэрджэс» къафIэзыща тэтэр-монголхэр ди щIыналъэм зэрита щIыкIэм и тепльэгъуэ гъэщIэгъуэн ди нэгум кхьэзэрыщIигъэхьэрщ. КъынэмыщIауэ, пщIэну щхьэпсэщ XIX лIэщIыгъуэм урыс зыгъэпсэхупIэ хъуа Псыхуабэр XIV лIэщIыгъуэм адыгэхэм япIа монгол-тэтэр къэралыгъуэм и тепщэ Iуэбэч-хъан и гъэмахуэ епсыхьпIэу зэрыщытар.

Дунеяплъэр Псыхуабэ зэрыщыIар



Шаляпиныр Залымхъан зэрыхуэзар

Кушмэзокъуэ Залымхъан

Шаляпин Фёдор

Ди газетым нэхъ пасэу тетыгъащ щэщэн абрэдж Кушмэзокъуэ Залымхъан теуХуа хъыбар убгъуа Кавказ цIыхубэм игъэфIа щIалэ хахуэм и цIэр нобэ дигу кхьдгъэIыжьыну щхьэусыгъуэ къыдет Урысейм щыцIрыIуэ оперэ уэрэджыIакIуэ Шаляпин Фёдор къызэралъхьэр илъэси 145-рэ зэрырикъум.

ХЪЫБАРЫР «зэрамыIуэтэжа щIыкIэ кхэнэжакъым» жыхуаIэм хуэдэщ. Ауэ ар икIи абы гулъытэ зэрыхуэфащэм и нэщэнэщ. Сыту жьпIэмэ, жыжьэрэ гъэнэгъуу зэбгъэдэмыхьэ дунеитIым - оперэмрэ лей зезыхьэхэм ебэнныимрэ - кхьыжьа Шаляпиныр Залымхъанрэ зым адрейм и хьэтыр зэрильэгъуар тхьидэм кхьыхэнащ. Псэ зыIутым псалъэмрэ макъымрэ я къаурыр зыхимыщIапIэ зэримыIэр, гущIэгъуэншэрэ цIыхуукIыу яГэIуа абрэджым лажьэ зимыIэм лей ирихьу зэрыщымытам щыхьэт хуохъу а хъыбарыр. Езы уэрэджыIакIуэми кхьыззрымыкIуэ Iззагъ кIэ Тхьэр кхьщIыхуэупсам щхьэусыгъуэ зэриIар наIуэ кхьищIащ абы фIыкIэ игу кхьинжа цIыхум дильэгъуар зэримыбзыщIар.

Залымхъан и щхьэ уасэу сом 5000, иужькIэ 18000 яГэуварт. Езыми, а хъыбарыр зэхихауэ, зыуКIыну зи пщэ дэлъ Вербицкэм и заУэлI гупыр игъэхъуу, Тифлис кIуэ гуэгум тетт, Дарьял къуэм пэгъунэгъуу. Залымхъан Вербицкэм щIещакIуэр и псэм тешныныхьу аратэкъым, атIэ, абрэджкIэр къилъхьэхуэ зищу, абы лажьэ зимыIэ цIыху гуп щэшэн бззэрым зэрытриукIыхьарт. Залымхъан тхьэ иУат Вербицкэм хурикъужьнуи, «Бенц» и цIэу къежьа машинэщIэ цIыхуий зэрыхуэр гъэзгум кхрижу къыщIилъэгъуам, и бийр кхьэзрыIэрыхьам щэч кьитрихьатэкъым. Абы хъыбар кхьыхуахьат Вербицкэм апхуэдэ машинэм итыСхьэну билет кхьэзрищэхуамкIэ.

Машинэр къагъэувыIащ. Абы зи псэ IукIа бзылъхъгъишIэр цIыхухъуитхурэ ису кхьщIэкIащ. Залымхъан Вербицкэр ицIыхуртэкъым. Арати, щIалэхэр зырызу кхрашурэ абрэджым и пащхьэм кхрагъэуващ. Зыр чыристан духьэшыуэ кхьщIэкIащ: абы и бохъэшэри, и дыжьын жорри, и дыщэ сыхьэтри Залымхъан хуишIа щхьэкIэ, модрейм Iихьын идакъым. Шыгухумрэ куржы-сондэджэрыми иутIыпщыжащ. Адрейр фокус зыгъэльагъуэ франджы щIалэти, абрэджкэм я жьипхэм джэдыкIэ зырыз кхрихащ, жи. Ари яутIыпщыжащ. Ещанэр ильэс 40 зи ныбжьым лIы къекIут, и нэкIу кхьурэр зэщIэуэпсар нэхъ ныгъэ, туфлъэ фIыцIэрэ кIэстум зэфIэтрэ щыгъэ. И плащ хужьыр и Iэм едэжIат, Iэ ижьым Iэщlэлъ жьауэр баш хуэдэ къигъэсэбэпырт. Лым Залымхъан щхьэщэ хуищIащ.

- Сэ си цIэм зыри кхьбжиIэнукъым, - жриIащ абы зыкъригъэщIыхуну унафэ кхьыхуэзыщIа Залымхъаным, - си паспортыр машинэм илъщ. Си цIэр Шаляпин Фёдорщ, сыартистщ икIи сыуэрэджыIакIуэщ.

Адэкlэ хъыбарыр зэрыжаIэжьм зэтехуэу кхьыхущхьэр мыращ. Залымхъан, Шаляпиныи жиIэр и фIэщ мыхьуу, и хьэпшыпхэр кхьщIыхьым, модрейм: «СопIащIэ, Тифлис кхьзгъэзэгугъэхэр кхьыщIэзожьэ», - кхьжриIащ. «НтIэ, зы уэрэд кхьыджеIэ», - хегъэзыхь ар къэпцIэнкIэ шынэ Залымхъан. Ар щIэзыхихьм, Шаляпиным урысыбзэкIэ «Къасболэт щэджащэ» щэшэн уэрэдыр кхьхидзащ.

ЗэрагъэтэжьмкIэ, Залымхъан уэрэдым апхуэдизкIэ ятхьэкъуати, Шаляпиным кхьтрихар иритыжам и мызакъуэу, и къамэри тыгъэ хуищIат.

- Сэ нэпсыр зэрысхуэмыубыдар умыIуэтэж», - елъэIуат жаIэ Залымхъан Шаляпинми, уэрэджыIакIуэр и псалъэм епщIыжакъым, хъыбарыр щыжиIэжар абрэджыр яуКIа нэужьщ. ТIури дунейм ехьжащ, хъыбар дахэр кхэнащ.

Уегупсысыну щхьэпэщ Кушмэзокъуэ Залымхъан адыгэ унэцIэ (Гушмазукаев) щIыззрихьэми. Ар щыщщ адыгэхэм кхьатепщIыкIа «Харачой» щэшэн тейпым. «Псоми ящIэ Харачой щыщхэр щэрджэсхэм кхьаззрытехъуКIам», - кхэдрэ ущроихьэлIэ щэшэн тхыдэм теуХуа напэкIуэцIхэм. Ар кхьщыхъуа эзманри щыуагъэшхуэ кхьхэмыхуэу пхужьIэнущ.

1846 гъэм Щамил-Iимамыр Кхъэбэрдейм кхьэIуауэ зэрыщытар тхыдэр зыфIэфIхэм ящIэ. Абы щигъэззэкIым адыгэ пщыуэркъхъэу 38-рэ и гъусэу Iэпхъуауэ щытащ, щхьэж цIыхьбжыгъэ гуэр дэщIигъуу. Щамил абыхэм я инафэщIу Анзорхэ

Зырамыку хухаха саугъэт

● Шыгъажэ

Илъэс къэси хуэдэу, Налшык и ипподромым и шы къэжэгъуэ лъэхъэнэр накъыгъэм и 1-м къыщыхэIуахащ. Ешы зэхьэзэхуэхэри аэр щыхэпагъэуам ирихьлIэу екIуэкIа зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэри хуабжьу я гум дыхьащ шыгъажэм кърихьлIахэм.

ЗЭХЫХЬЭР къыщыхэIуахым кьыхэхуэсахэм Гьатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ, шы зыгъэхъуэмрэ шууейхэмрэ лъэхъэнэщIэм кьриубыдэу екъулIэныгъэ куэд зыIэрагъэхьэну екъуэхуэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергейрэ «Урысейм и ипподромхэр» ОАО-м и генеральнэ директор Дмитриев Дмитрийрэ.

Шыгъажэ махуэр къыхэIуахащ «ПэщIдзэр» саугъэтым щIэбэнахэм. Абы хэтащ илъэсиплI нэхърэ нэхъыжь шы-хэр. Километри 2-м къыщыхэдзэжащ шы цIэрыIуэ куэд. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэхьэзэхуэм шы зыбжанэ хэкIа нэужь, гурыIуэгъуэ хъуащ саугъэтым щIэбэныну шитIыр. Ар Сэкрэкхэ я шы заводым щагъэхъу, иджыри къэс зэи къыхамыгъэщIа Чингисхъанрэ Iащхьамахуэрэ Урысей Ипщэмрэ я кубокхэр, саугъэт лъапIэ зыбжанэ къэзыхьа Битокъуэхэр Къудейкэрэ я нэIэ щIэт Чингисхъан къыхэдзэжэм и япэ секундхэм щегъэжьауэ бжьыпэр иубыдри, километри 2-м и кIуэцкIэ зыри япэ иригъэщакъым. Абы пкъы ныкъуэкIэ къыкIэрыхуащ Скай Арч. Зэкъэлъхьэужьу ещанэ саугъэтышхуэ къэзыхьа Чингисхъан зэригъэпэща рейтинг баллхэм бжыгъэхэм Iэмал кьрет УФ-м и Президентым и саугъэтым е «Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэм» щIэбэныну. Президентым и саугъэтыр кьхьныным екъэлIа зэхьэзэхуэм хэтыну Iэмальфlхэр иIэщ Скай Арчи.

Махуэшхуэм и кьыхэдзэжэ нэхъыщхьэу щытар «Шыгъажэ лъэхъэнэр къыхэрызэIуахам» и саугъэтыр кьэхьныным теухуарщ. Метр 1800-м къыщыхэдзжахэм нэхъ жьыджэру кьахэкIащ Пантилей. Битокъуэхэрэ Къудейкэрэ я шыр текIуэныгъэм хуашащ мастер-тренер Аломорэ мастер-шууейм Панжокъуэмрэ.

Струна и саугъэтыр кьэхьныным хуэхэа къыхэдзэжэм къыгъэлъэгъуащ илъэсищ зи ныбжь шыбзэм метр 1400-рэ гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу къыхэпызычар. Апхуэдизу къыщIэкIащ «Малкинский» шы заводым и гъэхъун Фараонкэ. Шыр егъаСэ мастер-тренер Алокъуэм. Ар кьэгъэжащ япэ категорие зиIэ шууейр Шыкъым.

Метр 1200-м къыщыхэдзэжащ япэу утыку кьихьэ илъэситI зи ныбжь шыхъухэр. Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Аттоевым и саугъэтыр кьихьащИнгушым кьикIа Зязиковым иш Мистер Черчилль. Абы тесащ дунейпсо категорие зиIэ Албердыр.

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Евтушенкэ и саугъэтыр ихьащ Кьардэн А. и Кадалега шыбзым. Ар къигъэжащ мастер-шууей Сыжажэм.

Гонор и саугъэтым метр 1200-м щыщIэбэнахэм куэд зыпэмыплъа къыщыхьащ. Битокъуэкрэ Къудейкэрэ я гъэхъун Штором Оф Рейс шыбзыр кьатежащ зэхьэзэхуэм хэта адреихым. Шыр текIуэныгъэм хуашащ мастер-тренер Аломорэ мастер-шууей Панжокъуэмрэ.

«Майский» саугъэтыр илъэсиплI зи ныбжь шыхэм я деж кьыщыхьащ «Алим-Агро» фирмэм и гъэхъун Русич. Шыр егъаСэ Быгуэм. Къэзыгъэжар мастер-шууей Панжокъуэрщ.

Шыгъажэ лъэхъэнэр къыщыхэIуахым ирихьлIэу екIуэкIащ КъБР-м и цIыхубз артист Кьардэнгъущ Зырамыку къыхэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум хуха-ха саугъэтым екъэлIа къыхэдзэжэр. Абы щIэбэнащ илъэсищ нэхърэ нэхъыжь адыгэшхэр. Саугъэтыр зэгуэващ КьардэнгъущIхэ я лъэпкъымрэ Псыгуэнсу кьуажэ администрацэмрэ.

Шы къэжэгъуэхэр щIэзэпагъэухэм дежа къыхэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ эстрадэм и артистхэм, спорт гимнастикэмкIэ «Налшык» клубым и гъэсэнхэм. КъБР-м и Лъэпкъ музейм и директор Накуэ Феликс игъэпэгъуащ сэшхуэкIэ зэуэкIэм и Iэмалхэр. Шыгъажэм елпIыну къэкIуахэр хуабжьу дихьхауэ кIэлъыплъащ Налшык дэт шы-спорт комплексым зыщыгъасэхэм шыхэр кьыхэрагъэфэм, кавказ кIапсэшхуэкIэ зэрызэпекъуам. Сабийхэм папщIэ джэгуПэ щхьэхуэхэр кьыхэзрагъэпэщауэ щытащ.

КъыкIэлъыкIуэ шыгъажэ махуэр Налшык и ипподромым щызэхэтынущ накъыгъэм и 9-м. Абы щыщIэбэныныщ ТекIуэныгъэ Иным и саугъэтхэм.

КъАН Андемыр.
Сурэтыр **Толгуров Камал** *трихащ.*

Бысымхэм «Кабардинка»-р утыку кърашэ.



● Лъэпкъ Iуэху

Таллинн и зы ут.

Эстониеми Адыгэ Хасэ щолажьэ

Эстониемрэ щекIуэкIащ «Ритмы Кавказа» V дунейпсо юбилей фестиваль. Ар къызэригъэпэщащ «Терек» НКО-м и Iэтащхьэ икIи абы щылажьэ къэфакIуэ ансамблым и унафэщI Тхьэгъэзит Илонэ.

ФЕСТИВАЛЫМ зы утыку щызэхъуигъэуващ балтие къэралхэм щыпсэу кавказ лъэпкъхэм я лЫкIуэхэр. Мы гъэм зэхьихьэм и хьэщIэ лъапIэ хъуащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр.

- КӀуэд щIауэ си хъуэпсаплIэт дуней псом щыщIэрыIуэ къэфакIуэ гупыи ди деж зыкъыщыгъэлъэгъуэныр, - жеIэ Тхьэгъэзит Илонэ. - Ар къыхэзрыдэхъулIам дрогушхуэ. «Кабардинка» ансамблым темыпIэжу адыгэ диаспорэри, ди къэфакIуэхэри, кавказ щэнхабзэр зыхэзылъхьэ щымыIэ эстонхэри пэпльэрт.

«Кабардинка» ансамблым и концертым иджыри къыщIэлъэIужурэ Урысейм и щэнхабзэ центрым щекIуэкIащ. Ди артистхэм псалъэ гуапэкIэ закъыхуигъэзащ Урысей Федерацэм и лIыкIуэу Эстониемрэ щыIэ Петров Александр. Къызэхуэсахэм хуабжьу ягу ирихьащ кавказ макъамэхэмрэ къафэхэмрэ икIи Iэгуауэ инхэр хуаIэтащ, артистхэр куэдрэ ямыутIыпщыжу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэр етIуанэ махуэм Урысейм и посольствэм ирагъэблагъащ. Чэнджэщагъу Лицкай Дмитрийрэ пресс-атташе Мосюков Денисрэ хьэщIэхэм яхутепсэлъыхьащ урысей щэнхабзэр хэIущIыну щыщIыным ехьэлIауэ посольствэм щызэфIагъэкI лэжьыгъэхэм. ЗэIущIэм къыщыхалъхьащ Налшыкрэ Таллиннрэ зэныбжьыгъуэ къаза зэращIынум теухуа Iуэху дахэр.

Фестивалым хэтащ Эстониемрэ, Латвиемрэ, Литвамрэ, нэгъуэщI къэралхэм я артисти 100-м щигъу. Зэхьыхьэм ипкъ иткIэ «Кабардинка» ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь адыгэ къафэмкIэ мастер-класс итащ. Абы хэтыну гупыж ящIащ ансамблэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ къафакIуэ щэ ныкъуэм щIигъум. Фестивалым хьэхъ махуэхэм ящыщ зым ди артистхэр щыIащ Пярну зыгъэпсэхупIэ кьалэм. Абы гукъинэжку зыкъыщагъэлъэгъуащ.

«Терек» ансамблым хэтхэр къофэ.

Таллинн и Ратушэ утым щыIэ ЕгъэджакIуэм и унэм фестивалым хьэхъуэ щагъэлъэгъуащ Налшык къалэм икIа сурэттеххэу Кьарей Элинэ, Байсиев Ахъмэт, Подвэ Александр сымэ я лэжьыгъэхэр. КъызэгъэпэщакIуэхэм утыку кьрахьа сурэтхэм фIащащ «Кавказым и бзылъхугъэхэр». Выставкэр къыщыхэзIуахым зыкъыгъэхьэлIащ эстон политикхэм, Урысейм и посольствэмрэ хэхэс адыгэхэмрэ я лIыкIуэхэм, фестивалым хэтхэм. Лэжьыгъэхэм щынэрылъагъут Кавказым и цIыхубзхэм ябгьащэ дахагъэр. Сурэттеххэр къытеувыIащ я Iэдакъэщ Iэкl щIэщыгъуэхэр «къызэраубыдам». Выставкэр Таллинн накъыгъэм и кIэ пщIондэ щекIуэкIынущ. ИужькIэ сурэтхэр Эстонием и нэгъуэщI къалэхэм щагъэлъэгъуэнущ.

Илъэсипщ1кIэ уэзIэбэкIыжмэ, Таллиннрэ къыщызэрагъэпэщащ Кавказым ис лъэпкъ къафэхэм я ансамбль. Ар я жьрэмщ адыгэ диаспорэм щыщхэм. Иджы абы и унафэщIщ Тхьэгъэзит Илонэ. Тэрч щыщ Тхьэгъэзит Артур щхьэгъусэ хуэхъуа эстон пщащэ Илонэ и псэм пэгъунэгъу хъуащ адыгэ щэнхабзэр. Абы къыхилтъха «Ритмы Кавказа» фестивалыр мы гъэм илъэситху ирокъу. Ар куэдым ягу зэрырихьым и щыхьэтщ къызэгъэпэщакIуэхэри, абы зыкъыщыщызыгъэлъагъуэхэри, ельхэри гъэ хэсы кавказ щэнхабзэм и махуэшхуэм темыпIэжу зэрыпэплъэр.

ЩЭЛЫШХ Аннэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*
Налшык - Талинн

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Хабзэр уэим зыщIихэр

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрыгъэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъыныкIэ и управленэм щыхэплъэжащ республикэм щрагъэкIуэкIа «Урысейм и сабийхэр - 2018» урысейпсо профилактикэ Iуэхум и япэ Iыхьэм кърикIуам.

ЗЭФIАГЪЭКIА лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м, республикэ УФСИН-м, Узынщагъэр хъумэныкIэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ, Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дзэлъыкъуныгъэмкIэ министерствэхэм, Налшык къалэ администрацэм я лЫкIуэхэр.

Ведомствэхэм зэщIыгъуу лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым кьапщытащ еджапIэхэм я административнэ унэхэмрэ абыхэм кьегъэщIылIа щIыпIэхэмрэ, епсэлъащ социальнэ егъэджакIуэхэм, кьапщытащ щIалэгъуалэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэр.

Республикэм и еджапIи 167-м щрагъэкIуэкIащ мы Iуэхум теухуа зэIущIэхэр. Автомашинэ, гъущI гъуэгу вокзалхэр, аэропортыр, сатущIапIэ 81-рэ, абы бзэр 24-рэ хьихьэу, щIыныгэр пкIэныгу 147-рэ щIапIыкIащ.

Балигъ мыхьуахэм хабзэр уэим ямыщIыным теухуауэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIым, кьапщытащ зи суд ящIауэ щыта адэ-анэхэмрэ абыхэм балигъ мыхуэ я сабийхэмрэ я псэукIэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэмэ зэрыдзIэпыкъуфыну щыкIэр яубзыхуащ, сабийхэм епсэлъащ, адэ-анэхэм гурагъэIуащ я бын гъэсэныгъэ ахэр егъэджэныкIэ я хуитыныгъэхэмрэ я кьалэнхэмрэ теухуауэ хабзэм кьиргъэувхэр.

А лэжьыгъэм кьриубыдэу учётым ягъэуващ хабзэр уэим зыщIа ныбжьыщIитI, административнэ протоколи 191-рэ ятхащ. Хабзэм кьемызэгъыу наркотикхэкIэр зыIэрыгъэхьэным, хьумэным, кьеушэкIыным, африянэхIэхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ гъэхьэзырыным ехьэлIауэ МВД-м и лэжьакIуэхэм кьалэтащ уголовнэ Iуэху 23-рэ, наркотикхэкI грамм 700 кьытрахащ.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм, нэгъуэщI Iуэхущапlэхэм я лэжьакIуэхэри ящIыгуу, къызэригъэпэщащ наркотикхэкIэрэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ кьахь зэранигъэм теухуа лекцэ 480-рэ. Абыхэм едэIуащ цIыкIу 11285-рэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущапlэ.

Апхуэдэурэщ щIалэщIэхэр зэрапсыхьыр

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Iэфlыпс» (Iэфlыпс) - 1:1 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. Накъыгъэм и 4-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр Смирнов (Кисловодск), Холин, Васильченкэ (тIури Мейкъуапэ щыщащ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Тебэрды, Ольмезов, Абазэ, Мэшыкъуэ, Михайлов, Шаваев, Газаев (Къурмэн, 46), Ашу (КIэдыкIуей, 64), Бацэ.

«Iэфlыпс»: Сикач, Черов, Хибабэ, Гречкин, Демченкэ, Шереметов (Джамалутдинов, 46), Шаров, Воробьев (Черкасов, 67), Подбельцев, Геворкян, Белоус.

Топхэр дагъэкIащ: Подбельцовым, 14 (0:1). Шаваевым, 90+3 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ Мэшыкъуэм, Щоджэным, Газаевым, Къурмэным, Лелюкаевым, Шаровым, Шаваевым.

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэр икIэм ноблагъэ икIи дэтхэнэ зы очкоми я мыхьэнэм хохъуэ. Псом хуэмыдэу ахэр лъапIэщ пашэныгъэм щIэбэнхэм я дежкIэ. Апхуэдэхэм ящыщ зы мэрем кIуам Налшык къеблэгъат. «Iэфlыпсым» япэ увыпIэм зыщигъэбыдат, и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «Армавир»-м очкоищкIэ щхьэщыкIри. Арщхьэкlэ блэзрыгъ хъунутэкъым, адэкlэ зэIущIэ гугъуэр кьыхэзрыпсыпIыр къэплыытэмэ. «Спартак-Налшыкым» и командэщIэри лъэ быдэкIэ увыну хущIокъу икIи абы щыджэгугъэр пашэм лъхьэныгъэщIэдз хуащIыну щIэхъуэпсыр.

Иджыри къэс зэдграгъэкIуэкIа зэIущIэхэм «Iэфlыпсыр» зэи Налшык щытекIуэтэкъым. А хабзэр кьыхэзрадыну хущIэхъуащ хьэщIэхэр джэгум и япэ дакъикъхэм щегъэжьауэ. Абыхэм яebгъэрыкIуэныгъэ гъэщIэгъуэ къызэпаудын хуей хъурт. Апхуэдизу щыт пэтми, ельщыкIуплIанэ дакъикъэм Iэфlыпсдзэм бжыгъэр кьызэIуахащ. Сударым и щыуагъэкIэ «Спартак-Налшыкым» и гъуэм щыIэн хуэмея угловойр кьыхатащ икIи Подбельцевым и командэр япэ иригъэщащ.

Мыгувэу хьэщIэхэм бжыгъэр ягъэбагъуэ пэтащ. МетритI-щыкIэ фIэкIа гъуэм пэмыжьыжьу Белоус зэуа топым Щоджэным зэрыпэлъэщар телъыджащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм и кIэухрагъ хэгъэрейхэм я Iуэхур кьыкIыу щыхуэжьар. Абыхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым екъулIэныгъэ кьахуихьыным зы мащIэ дыдэщ иIэжар. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Шаваевыр щхьэкIэ зэуа топыр гъуащхьэм техуащ.

КъыкIэлъыкIуэу Белоус аргуэру кьыхэжаныкIынэу Iэмал гуэрэзджэ кьыхуэкъуэкIащ. Ар и закъуэу Щоджэным бгъэдыхьащ, арщхьэкIэ ди гуащхьэтетым ебэзджэкIыфащкъым.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм я фIыгъэкIэ зы очко зыIэрагъэхьащ, зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъыным тIу фIагъэкIуэдри. Пэжщ, 93-нэ дакъикъэм Шаваевыр кьыхэжаныкIын ипэкIэ «Iэфlыпсым» текIуэныгъэр ихьын хуеящ: ди насыпти, Черкасовым Iэзэу кьыхита топыр ди гъуэм сантиметр бжыгъэкIэ щыблэщIэфтым зыми и лъакъуэр пэщIыгъуэфакъым.

Арати, 1:1-уэ джэгур иухащ. Куэд щIауэ кьыхэмыжаныкIыф ди щIалэхэми икIэм-икIэжым, зэIущIэ етхуанэр иухауэ, я хьэрхуэрэгъуэхэм топ худагъэкIащ. Махуэ шыбгъупщI дэкIмэ, аргуэру зы зэIущIэ гугъу абыхэм кьапэщылъщ. Апхуэдэурэщ щIалэщIэхэр зэрапсыхьыр.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым иужьу щызэхэта джэгуГъуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Анжи-2»** (Мэхъэчкьалэ) - **3:0**, **«Легион Динамо»** (Мэхъэчкьалэ) - **«Академия»** (Дон Iус Ростов) - **1:0**, **«Кубань-2»** (Краснодар) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **2:1**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Армавир»** (Армавир) - **1:1**, **«Краснодар-2»** (Краснодар) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **3:1**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **2:1**, **«Чайка»** (Песчанокопское) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **5:0**.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр мэрем къакIуэ щекIуэкIынущ, арщхьэкIэ «Спартак-Налшыкыр» абы хэтынукъым. Зи чэзу зэIущIэр ди щIалэхэм щрагъэкIуэкIынур накъыгъэм и 16-рщ. А махуэм ди щIалэхэм кьрагъэблагъэнущ «Iэфlыпсым» ерыщу къыкIэлъыIуэ «Армавир»-р.

ЖЬЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Iэфlыпс»**	**28**	**22**	**5**	**1**	**64-14**	**71**
2.	«Армавир»	28	20	7	1	61-16	67
3.	«Краснодар-2»	27	15	5	7	56-30	50
4.	«Дружба»	29	15	4	10	35-40	49
5.	«Чайка»	28	14	7	7	45-23	49
6.	«Черноморец»	28	12	6	10	40-26	42
7.	СКА	29	11	8	10	39-31	41
8.	**«Спартак-Налшык»**	**28**	**10**	**11**	**7**	**34-22**	**41**
9.	«Легион Динамо»	28	11	7	10	27-23	40
10.	«Академия»	28	9	6	13	22-41	33
11.	«Биолог-Новокубанск»	28	9	6	13	26-37	33
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	28	8	7	13	24-30	31
13.	«Ангушт»	27	7	7	13	28-46	28
14.	«Спартак-Владикавказ»	27	6	6	15	21-38	24
15.	«Динамо-Ставрополь»	28	6	5	17	32-66	23
16.	«Анжи-2»	28	5	5	18	24-50	20
17.	«Кубань-2»	28	5	2	21	21-68	17

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIымыщI Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапlэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышдкI Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ИнэрокъуэАзэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэныкъуэгъу* **НэужьокъуэЗаирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.049 ● Заказ №452